**दिन–शुक्रवार** **दिनांक–02.01.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————

केन्द्र सरकार स्पष्ट कयलक अछि जे घरेलू उपभोक्ता सभक लेल रसोई गैसक दाम मे बदलाव नहिं भेल अछि। पेट्रोलियम आओर प्राकृतिक गैस मंत्रालय द्वारा व्यवसायिक एलपीजी–सिलेंडर सभक दाम मे एक सय एगारह टाकाक वृद्धि संबंधित मीडियाक खबरि सभक उपरांत ई स्पष्टीकरण जारी कएल गेल अछि। मंत्रालय कहलक अछि जे व्यावसायिक एलपीजी सिलेंडरक दाम बाजार तय करैत अछि आओर ई अंतर्राष्ट्रीय बेंच मार्क सँ जुड़ल अछि।

———————————————————

उच्चतम न्यायालयक प्रधान न्यायाधीश न्यायमूर्ति सूर्यकांत आइ दू दिवसीय दौरा पर पटना पहुंचलाह अछि। आइ हुनक सम्मान मे रात्रि–भोजनक आयोजन कएल गेल अछि। हमर संवाददाता बतएलनि जे प्रधान न्यायाधीश काल्हि पटना उच्च न्यायालय परिसर मे कतेको परियोजना सभक आधारशिला रखताह। ओ न्यायिक अधिकारी सभक लेल विकसित कएल गेल प्रौद्योगिकी सक्षम, ईएसीआर न्याय कऽ उद्‌घाटन करताह। प्रधान न्यायाधीश वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यमे गयाजी स्थित **न्यायाधीश अतिथि–गृहक** उद्‌घाटन सेहो करताह। न्यायमूर्ति सूर्यकांत काल्हि पटना मे **चाणक्य राष्ट्रीय विधि विश्वविद्यालयक** पाँचम दीक्षांत समारोह मे शामिल होयताह। समारोह मे एक हजार सँ बेसी विद्यार्थी सभकेँ उपाधि प्रदान कएल जाएत।

———————————————————

राजस्व आओर भूमि सुधार विभाग प्रशासनिक आओर अर्ध–न्यायिक कार्य सभ मे समानता आओर निष्पक्षता सुनिश्चित करबाक लेल दिशा–निर्देश जारी कयलक अछि। विभागक प्रधान सचिव सी.के. अनिल एहि संबंध मे सभ समाहर्ता आओर राजस्व अधिकारी सभकेँ पत्र लिखलनि अछि। पत्र मे कहल गेल अछि जे सभ राजस्व पदाधिकारी संविधानक अनुच्छेद चौदह आओर समता सिद्धांतक अनिवार्य रूपें पालन करथि, जाहि सँ एक रंगक मामिला मे एक समान निर्णय भऽ सकै। पत्र मे कहल गेल अछि जे भूमि विवाद,

दाखिल–खारिज, जमाबंदी कायम करब, पट्टा देयता आओर अतिक्रमण हटइबा सँ जुड़ल मामिला मे एकरूपता, निष्पक्ष आओर पारदर्शी कार्रवाई होयबाक चाही।

———————————————————

केन्द्रीय स्वास्थ्य आओर परिवार कल्याण मंत्रालय बिहार सहित सभ राज्य सभ मे तमाकुल खाएवला युवा सभक सर्वे करएबाक फैसला कएलक अछि। एहि संबंध मे मंत्रालय दिशा–निर्देश जारी कऽ देलक अछि। दिशा–निर्देश मे कहल गेल अछि जे एहि सर्वेक उद्देश्य तमाकुलक उपयोगक पैटर्न के जानब अछि। एहि सर्वेक उपरांत तमाकुल नियंत्रणक लेल रणनीति तैयार कएल जाएत। कार्यक्रमक निगरानीक जिम्मा राष्ट्रीय रोग नियंत्रण केन्द्र कँ सौंपल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेशक सभ सरकारी विद्यालय सभ मे स्मार्ट क्लास रूम बनाओल जाएत। बिहार शिक्षा परियोजना परिषद चालू वित्तीय वर्ष मे दू हजार एक सय सात प्रारंभिक आओर कस्तुरबा गांधी बालिका विद्यालय मे स्मार्ट क्लास बनएबाक फैसला कएलक अछि। एहि लेल प्रति विद्यालय एक लाख बीस हजार टाकाक राशि के स्वीकृति प्रदान कएल गेल अछि।

———————————————————

प्रदेशक सभ पंचायत सभ मे विवाह भवनक निर्माणक लेल पंचायती राज विभाग दूटा नक्शा कँ स्वीकृति देलक अछि। विभागक सचिव मनोज कुमार बतएलनि जे प्रत्येक विवाह भवन दू हजार दू सय वर्गफीट मे बनत आओर एहि पर उनचास लाख टाका सँ बेसीक लागति लागत। ओ बतएलनि जे सभ जिलाधिकारी सभकँ नक्शा उपलब्ध करा देल गेल अछि।

———————————————————

सात निश्चय योजनाक तहत पटना मे आधुनिक स्पोर्ट्स सिटीक स्थापना कएल जाएत। खेल विभाग वर्ष दू हजार छब्बीस मे खेल सभक विकासक लेल खाका पेश कयलक अछि। एकर तहत राज्यक सभ जिला सभ मे क्षेत्रीय स्तर पर लोकप्रिय खेल सभक अनुरूप

**सेंटर ऑफ एक्सीलेंस** स्थापित करबाक सेहो फैसला कएलक अछि। संगहि ग्रामीण आओर अर्ध–शहरी क्षेत्र सभक प्रतिभा सभकेँ बढ़ावा देबाक लेल एहि वर्ष चौंसठिटा **एकलव्य खेल केन्द्र** क्रियाशील कएल जाएत। एकर अलावे, बिहार लोक सेवा आयोग, बिहार तकनीकी सेवा आयोग आओर बिहार कर्मचारी चयन आयोगक माध्यमे खेल विभाग मे नम्हर स्तर पर नियुक्ति करबाक सेहो लक्ष्य अछि।

———————————————————————

प्रदेशक अधिकतर हिस्सा सभ मे कड़गर ठंढ़ाक सिलसिला जारी अछि। दिन मे रौंद निकललाक बादो लोक सभकेँ कनकनीक एहसास भऽ रहल छैक। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान औसत तापमान मे **एक सँ तीन** डिग्री सेल्सियस तकक बढ़ोतरी संभावित अछि। ओकर बाद अधिकतम आओर न्यूनतम तापमान मे एक बेर फेर एक सँ लऽकऽ तीन डिग्री सेल्सियस तक गिरावट आबि सकैत अछि। विभाग काल्हि मधुबनी, सीतामढ़ी, सुपौल, अररिया, किशनगंज आओर शिवहर जिला समेत राज्यक पश्चिमी हिस्सा सभ मे घनगर कुहेस पसरल रहबाक पूर्वानुमान जतौलक अछि। एम्हर, पछिला चौबीस घंटाक दरयिमान **सहरसाक अगवानपुर** राज्यक सभ सँ ठंढ़ा स्थान रहल। जाहि ठामक न्यूनतम तापमान पाँच दशमलव एक डिग्री सेल्सियस दर्ज कएल गेल।

———————————————————————

सुपौल जिलाक पिपराही सीमा चौकी सँ एसएसबी आओर पुलिसक टीम दू सय अड़तीस लीटर सँ बेसी नेपाली शराब बरामद कएलक अछि।

———————————————————————

मधेपुरा समाहरणालय परिसर मे अट्ठाईस जनवरी सँ तीस जनवरी धरि पासपोर्ट सेवा शिविरक आयोजन कएल जा रहल अछि। पासपोर्ट बनएबाक इच्छुक लोक शिविर मे आवेदन कऽ सकैत छथि।

———————————————————————

समाप्त